



**Fòm Konsantman Paran**  
**Enstriksyon nan Pwen Aksè - Nòm altènatif pou siksè akademik (Access Points -**  
**Alternate Academic Achievement Standards, AP-AAAS) ak Administrasyon**  
**Evalyasyon Altènatif Estanda nan tout Eta a.**

Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_  
 Dat Elèv la fèt: \_\_\_\_\_  
 Non Paran an (yo): \_\_\_\_\_ Distri: \_\_\_\_\_  
 Lekòl: \_\_\_\_\_

Kòm yon Patisipan Ekip Plan Edikasyon Endividyèl ( Individual Educational Plan, IEP) la, mwen gen dwa pou m bay konsantman m oswa refize bay konsantman m pou "elèv la" (pitit mwen **oswa** mwen menm, si mwen gen 18 an oswa plis epi yo pa te transfere dwa IDEA prevwa yo) pou enstriksyon ak patisipasyon nan evalyasyon ki koresponn ak Pwen Aksè - Nòm altènatif pou siksè akademik nan Florida yo (Florida's Access Points - Alternate Academic Achievement Standards, AP-AAAS).

Lè mwen siyen anba a, mwen endike mwen konpwann bagay sa yo:

- AP-AAAS idantifye pi gwo kontni akademik nan klas yo pou elèv ki gen pi gwo andikap mantal yo epi kikoresponn avèk nòm edikasyon jeneral yo , men nan nivo konpleksite ki redui.
- Evalyasyon altènatif estanda nan tout eta a se pou elèv patisipasyon yo pa apwopriye ak pwogram evalyasyon jeneral nan tout eta a, menm apre yo te eseye tout aranjman ak sipò yo otorize yo, ki gen ladan tout teknoloji asistans yo otorize yo, epi esè yo te fèt san siksè.
- Enstriksyon ak evalyasyon ki baze sou AP-AAAS **ka afekte avni yon elèv epi li ka redwi opòtinite pou yon elèv jwenn travay, sèvis militè, oswa edikasyon ak fòmasyon alavni apre li fin gradye.**
- Elèv k ap patisipe nan kou AP-AAAS yo pral pase yon evalyasyon pou tout eta a ki baze sou nòm altènatif yo. Kou sa yo net, sa vle di yo ka anseye yo nan yon klas edikasyon jeneral oswa nan yon klas Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl (Exceptional Student Education, ESE) dapre desizyon ekip IEP a pran konsènan bezwen elèv la.
- Dapre Seksyon 1003.5715, Lwa Florida yo (Florida Statutes), yon distri eskolè, ki gen non li parèt anba a, **ka pa ka** bay enstriksyon nan AP-AAAS ak administre Evalyasyon Altènatif Estanda nan tout Eta a sof si:
  - Mwen bay konsantman m alekri chak ane sou fòm sa a; oswa
  - Distri eskolè a te fè plizyè efò rezonab pou li jwenn konsantman m, epi mwen pa reponn; oswa
  - Distri eskolè a te jwenn apwobasyon atravè yon odyans ak pwosedi apèl kòm sadwa.
- Konsantman sa a ap rete anvigè jiska pwochen revizyon anyèl IEP a, oswa jiska pwochen reyinyon IEP a si yo abòde enstriksyon nan AP-AAAS ak Administrasyon Evalyasyon Altènatif Estanda nan tout Eta a selon evènman ki rive an premye a.

Tanpri chwazi youn (1) nan sa yo:

Mwen bay konsantman m pou:

- bay enstriksyon nan AP-AAAS; ak
- administrasyon Evalyasyon Altènatif Estanda nan tout Eta a (si genyen, dapre nivo klas elèv la).

Siyati Paran/Elèv la: \_\_\_\_\_ Dat la: \_\_\_\_\_

Mwen **pa** dakò pou:

- bay enstriksyon nan AP-AAAS; ak
- administrasyon Evalyasyon Altènatif Estanda nan tout Eta a (si genyen, dapre nivo klas elèv la).

Siyati Paran/Elèv la: \_\_\_\_\_ Dat la: \_\_\_\_\_

Si w chwazi "Mwen **pa** dakò," nan yon espas 10 jou lekòl, distri eskolè a dwe devlope epi aplike nouvo pwosedi enstriksyon ak evalyasyon dapre yon nouvo IEP **oswa** ou dwe mande yon odyans kòm sadwa.

Ou gen dwa ak pwoteksyon espesifik yo dekri nan Avi sou Pwoteksyon Pwosediral pou Paran Elèv ki gen Andikap yo (Notice of Procedural Safeguards for Parents of Students with Disabilities) Pou resevwa yon kopi oswa pou w jwenn èd pou konprann dwa w yo, kontakte distri eskolè lokal ou a.

Non Distri a: \_\_\_\_\_ Kontak Distri a: \_\_\_\_\_

Dokiman ki gen rapò ak efò distri a te fè pou li jwenn konsantman (Dokiman distri a itilize sèlman):

Dat ak Metòd	Dat ak Metòd	Dat ak Metòd
--------------	--------------	--------------


Fòm 313181  
Règ 6A-6.0331 | ap  
anvigè nan Out 2022